



## Commission Episcopale Nationale Justice et Paix Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national  
BP 1572, Port-au-Prince  
Haiti CP 6110,  
56, angle Rue Piquant et Lamarre  
Tél. 29 43 00 79  
[cenjp@yahoo.com](mailto:cenjp@yahoo.com)  
[www.justicepaixhaiti.org.ht](http://www.justicepaixhaiti.org.ht)

### LÈT TOU LOUVRI POU OTORITE POLITIK, GOUVÈNMANTAL, JIDISYÈ AK POLISYÈ AYISYÈN YO

\*

### POU YON LETA KI PRAN RESKONSABLITE LI SITOU ANVÈ JÈN YO, ESPEYALMAN TIMOUN

**Gwoup Refleksyon ak Rechèch (GRR) Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè (CE-JILAP)** inisyè depi plis pase **20 lane** nan peyi a, nan dat ki te 31 janvye 2025 lan, te reyini ak kèk patnè nan Pastoral Sosyal Legliz la, tankou: **KIWO, JOURNAL BON NOUVÈL, JEK, JILAP-ACHIPO, EMISYON POU YON LÒT KALTE SOSYETE** ak kèk lòt patnè nan sosyete sivil la, tankou **ECC, POHDH, KOZE JÈN YO** ak **CRAN**, sou **PWOBLEMATIK JÈN YO, ESPEYALMAN TIMOUN YO NAN PEYI A KI RANTRE, VOLONTÈMAN OUBYEN ENVOLONTÈMAN, NAN GWROUP AME YO EPI KI PRAN CHEMEN VYOLANS LAN AK KRIMINALITE A TOU.** sa a ki ba nou gwo enkyetid ak tèt chaje.

Nou remake se pakèt pwoblèm fanmi yo genyen, se destriksyon enstitisyon yo ak inegalite sosyal yo ki fè anpil jèn pèdi wout yo pou antre pran chemen delenkans ak kriminalite. Legliz yo, malgre moyen limite yo, fè sa yo kapab, yo envesti yo anpil nan sektè edikatif la. Sepandan, lekòl yo limite tou nan kapasite yo. Menm si legliz yo transmèt; men se toujou Leta a ki dwe gen politik edikatif solid ki kapab bati bon program eskolè pou anpeche jèn yo, sitou timoun yo rantre nan aktivite malonèt.

Lèt tou louvri sa a se pou atire atansyon otorite yo sou sijè sa a, paske Leta pa jwe wòl li kòm sa dwa nan sosyete a. Li demontre kareman li pa pran jèn yo, espesyalman timoun yo ki se lavni nasyon an an konsiderasyon. Se kòm si Leta pa panse peyi a ap gen bezwen yo demen.

**Men sa nou panse ak kwè :** depi yon moun ap viv nan yon peyi, sitou si w se sitwayen/sitwayèn peyi sa a, Leta gen reskonsablite anvè w. Konsa, Leta ayisyen dwe pran tout reskonsablite l anvè tout popilasyon an, chak sitwayen/sitwayèn ayisyen, jèn kou vye, paske li pran tout angajman nasyonal kou entènasyonal pou garanti ak fè respekte Dwa Inivèsèl Moun yo, epi li dwe asire tout sa k nesèsè pou lavi moun kòm manm sosyete a. Se pa menm bagay pou fanmi yo ak legliz yo ki gen enfliyan ak reskonsablite limite, ki pa gen fòs obligasyon ak kontwòl menm jan ak Leta a ki la pou veye, kontwole ak deside sout tout sa k ap fèt nan tout domèn lavi nasyonal la.

**SE POU SA, NOU MANDE OTORITE LETA YO, TANKOU : OTORITE JIDISYÈ AK POLISYÈ YO, TRAVAY POU SA K NAN ENTERÈ TOUT POPILASYON AN TOUTBON VRE, POU BYEN KOLEKTIF LA, SA YO RELE “LE BIEN COMMUN” AN. PANSE SOSYAL LEGLIZ LA, NAN SANS SA A, PALE SOU BYEN FONDAMANTAL AK EDIKASYON, KI SE PREMYE RESKONSABLITE YON LETA GENYEN NAN YON PEYI. SA VLE DI, SE POU TOUT MOUN KAPAB VIV BYEN SAN KÈ SOTE POU LAVI YO AK LAVI PWÒCH YO, SE POU TOUT**

**MOUN KAPAB MANJE AN KALITE AK KANTITE SIFIZAN, JWENN TRAVAY POU REPONN AK BEZWEN YO AK BEZWEN FANMI YO, JWENN TOUT SWEN SANTE KA YO MERITE, JWENN BON JAN KAY POU YO RETE, SIKILE LIBELIBÈ TOUPATOU AK NAN PWÒP PEYI YO, EPI POU TOUT TIMOUN KAPAB ALE LEKÒL POU JWENN BON JAN PEN LENSTRIKSYON SAN KÈ KASE, ELATRIYE.**

Kounye a, se pa sa nou wè. Nou pito devan yon Leta ki montre li pa egziste, ki montre l pa sou anyen olye li entèlijan, yon Leta ki pa aktif ditou olye li defini bon estrateji efikas pou ranpli obligasyon l kòrèkteman pou pwoteje sosyete a ak peyi a ki menase. Leta pa ranpli kòm sa dwa obligasyon l anvè sosyete a, espesyalman jèn yo ak timoun yo.

#### **NOU PA DWE BLIYE:**

- **SE LETA, E LI MENM SÈL, KI GEN MONOPÒL FÒS LEJITIM NAN. KIDONK, SE WÒL LAJISTIS, LAPOLIS AK LAME POU METE LÒD NAN TOUT DEZÒD TOUT SILA YO K AP VYOLE LALWA NAN PEYI A;**
- **SE LI MENM, E LI MENM SÈL, KI GEN DWA PRAN TAKS SOU CHAK SITWAYEN AK AKTIVITE YO. SE KONSA, LI DWE RETOUNEN TAKS SA YO BAY TOUT SOSYETE A SOU FÒM SÈVIS PIBLIK;**
- **SE LI MENM, E LI MENM SÈL, KI KAPAB FÈ LWA POU TOUT SITWAYEN AK SITWAYÈN DWE RESPEKTE AK SWIV. KIDONK, LI DWE RESPEKTE AK FÈ RESPEKTE LWA SA YO KÒMSADWA POU RÈY ENJISTIS AK ENPINITE A KABA NAN PEYI A. KONSA, N AP TANN LETA PRAN REponsablite l pou jije tout KRIMINÈL YO.**

Sila yo ki twouve yo nan pòs elektif yo nan Leta a, kit se pèp la ki mete yo (**malerezman nan moman sa, pa genyen otorite ki reponn ak kritè sa a**), kit se nan jwèt politik yo te rive pran pouvwa a, ak tout lòt moun ki okipe kèlkesya lòt pòs desizyonèl nan Administrasyon peyi a, tankou nan Lapolis, **depi yo te asepte chay sa a nan Leta a, popilasyon an andwa espere jwenn yo ba yo bon rezilta, paske yo dwe onèt, konsekan, konpetan ak efikas. Sosyete a andwa mande yo kont kòm sa dwa. E, si yo pa kapab rann kont, se pou yo mete chay la atè, se pou yo demisyone.**

#### **KONSA, NOU DENONSE AK FÒS:**

- **OTORITE SA YO KI MONOPOLIZE FÒS PIBLIK YO POU PWÒP SEKIRITE YO, JAN N WÈ SA CHAK JOU NAN LARI A, EPI KI KITE POPILASYON AN KONTINYE AP VIKTIM TOUT KALTE ZAK KRIMINÈL TOUPATOU NAN PEYI A, TANKOU JAN L KITE TOUT BANN TIMOUN SA YO, TIFI KOU TIGASON, SAN PWOTEKSYON JISKASKE YO RIVE PRAN CHEMEN NÈG AK ZAM YO AK VYOLANS.**
- **SILA YO KI PA SISPAAN ANRICHÌ TÈT YO NAN KORIPSYON, ZANMITAY, NEPOTIS AK FAVORITIS. ÈSKE KORIPSYON KI PA SISPAAN TAYE BANDA NAN PEYI A PA YOUN NAN PI GWO SOUS ENSEKIRITE? PASKE GEN MOUN KI PRAN LAJAN KI DWE SÈVI POU ÒGANIZE PEYI A SITOU POU SILA YO KI PLIS NAN BEZWEN, EPI KI BAY ZANMI AK ALYE POLITIK YO, POU ACHTE GWO ZAM LAGÈ AK MINISYON POU FÈ VYOLANS, OUBYEN POU ACHTE YON SWADIZAN LAPÈ OUBYEN LAGÈ NAN MEN GWoup AK ZAM YO, OSWA POU BAY “GANG AK KOSTIM YO” TOUT KALITE FAVÈ.**

**NOU FÈ APÈL SA A POU NOU MANDE TOUT OTORITE YO NAN LETA A, PRAN RESKONSABLITE YO KÒM SA DWA.**

- 1. PWOTEJE POPILASYON AN NOU PLEDE DI N AP SÈVI A;**
- 2. LOUVRI AK PWOTEJE WOUT NASYONAL YO POU MOUN KAPAB DEPLASE LIBELIBÈ POU REGLE AKTIVITE YO NAN TOUT PEYI A, SAN KÈ SOTE;**
- 3. TRAVAY POU TOUT DEPLASE ENTÈN YO KAPAB RETOUNEN VIV LAKAY YO, NAN KATYE YO;**
- 4. DEFANN ENTERÈ PEYI A AK YON DIPLOMASI DINAMIK DEVAN KOMINOTE ENTÈNASYONAL LA, ESPEYALMAN PEYI ETAZINI, LAFRANS, KANADA AK REPIBLIK DOMINIKÈN, POU TOUT LÒT PEYI KA RESPEKTE N, E POU N SOTI NAN TOUT KALTE MANDISITE AK ÈD ENTÈNASYONAL DEGRENN GÒCH KI TOUNEN YON NOUVO SOUS KORIPSYON AN AYITI;**
- 5. PWOTEJE JÈN YO, SITOU TIMOUN YO NAN KREYE BON LEKÒL AK SANT FÒMASYON PWOFEYONÈL POU YO, METE SOU PYE BON JAN DISTRAKSYON, KREYE BON KONDISYON POU KAB GEN ENVÈSTISMAN AK TRAVAY NAN PEYI A POU PARAN YO KA REPONN AK BEZWEN LESANSYÈL YO POU YO PA BLIJE TOUNEN TI JWÈT YOYO GWOUPE AME YO.**
- 6. KONBAT TOUT BON VRE KORIPSYON, VYOLANS AK KRIMINALITE, SITOU SA K SÒTI BÒ KOTE AKTÈ NASYONAL AK ENTÈNASYONAL KI PA SISPANN AJI NAN KACH KACH E KI GEN GWO ENTERÈ POLITIK, EKONOMIK AK LÒT POU TOUJOU KENBE PEYI A NAN KATCHYOUNBOUMBE L TWOUVE L LA A.**

Bò kote pa n, nou menm manm sosyete sivil la ki siyen lèt toulouvri sa a, nou chak bò kote pa nou, angaje nou pou n kontinye pousoiv misyon sitwayèn nan fòme pi plis moun nan peyi a, pou n fè yo konprann enpòtans pou yo ranpli devwa sitwayèn yo kòm sa dwa, konprann ki sans sitwayèn, otorite, pouvwa ak bòn gouvènans genyen, elatriye. N ap kontinye pote plis atansyon pou jèn yo aprann sèvi pi byen ak mesaj medya tradisyonèl yo ap bay ak pi byen itilize rezo sosyal yo ki tèlman gen gwo enpak sou lavi yo.

**Pou n fini, nou pwofite okazyon sa a pou salye nou nan non Jezi Lavi a. Nou espere rèl nou an ap rive touche tout popilasyon an, espesyalman otorite yo nan Leta a k ap tandè, epi l ap rankontre ak yon volonte politik pou nou chak pran reskonsablite n. Konsa, sa Leta dwe fè, se li ki pou fè l.**

---

**LETTRE PUBLIQUE AUX AUTORITÉS POLITIQUES, GOUVERNEMENTALES,  
JUDICIAIRES ET POLICIÈRES HAÏTIENNES**

\*

**POUR UN ÉTAT À LA HAUTEUR DE SES RESPONSABILITÉS, PARTICULIÈREMENT  
ENVERS LES JEUNES ET LES ENFANTS**

Le **Groupe de Réflexion et de recherche (GRR)**, fondé par la **Commission Épiscopale Nationale (CE-JILAP)**, il y a plus de vingt ans dans le pays, s'est rassemblé avec divers partenaires de la Pastorale Sociale de l'Église Catholique, tels que : le **KIRO**, LE « **JOURNAL BON NOUVÈL** », le **JEC**, la **JILAP-ACHIPO**, l'« **EMISYON POU YON LÒT KALTE SOSYETE** », ainsi que d'autres acteurs de

la société civile comme : l'ECC, la POHDH, « KOZE JÈN YO » et la CRAN. La rencontre du 31 janvier 2025 avait pour sujet **LES PROBLÈMES LIÉS AUX JEUNES, EN PARTICULIER LES ENFANTS QUI ONT INTÉGRÉ VOLONTAIREMENT OU INVOLONTAIREMENT DES GROUPES ARMÉS, EMBRASSANT AINSI EUX AUSSI LA VOIE DE LA VIOLENCE ET DU CRIME.** Cela nous préoccupe et nous perturbe fortement.

Nous remarquons que les multiples problèmes familiaux, la démolition des institutions et l'inégalité sociale sont autant de facteurs qui conduisent les jeunes à s'égarer et à sombrer dans la délinquance. Les églises, malgré leurs moyens restreints, s'investissent principalement dans le secteur éducatif. Cependant, les écoles sont également limitées dans leur capacité. Bien que les églises transmettent des valeurs et des principes éthiques à observer au quotidien, c'est à l'État d'établir une politique éducative solide capable de concevoir d'excellents programmes scolaires qui pourraient dissuader les jeunes de s'engager dans des activités répréhensibles.

Cette lettre publique vise à sensibiliser les autorités à ce sujet, car l'État ne joue pas son rôle de manière adéquate dans la société. Il démontre explicitement qu'il ne se préoccupe pas des jeunes, en particulier des enfants, qui constituent l'avenir de la nation. On dirait qu'il ne pense pas que le pays aura besoin d'eux dans le futur.

Nous sommes convaincus que, dès lors qu'une personne se trouve dans un pays, surtout si elle est citoyenne de ce pays, l'État a le devoir d'assumer ses responsabilités envers elle. En effet, c'est lui qui, à la fois sur le plan national et international, prend l'initiative de défendre et de respecter les droits de l'homme. De ce fait, il a le devoir de s'assurer que tout ce qui est nécessaire pour la vie humaine au sein de la société est garanti. La situation varie pour les familles, les églises et les écoles, car leur influence est moins étendue que celle de l'État, qui détient le pouvoir de décider et de superviser tous les aspects de la vie nationale.

**C'EST POUR CETTE RAISON QUE NOUS SOLLICITONS DES ORGANISMES ÉTATIQUES, COMME LES AUTORITÉS GOUVERNEMENTALES, JUDICIAIRES ET POLICIÈRES, QU'ILS ŒUVRENT RÉELLEMENT POUR LE BIEN-ÊTRE COLLECTIF DE LA POPULATION, EN FAVEUR DU BIEN COMMUN DE LA NATION. DANS CE CONTEXTE, LA DOCTRINE SOCIALE DE L'ÉGLISE ÉVOQUE LES BESOINS ESSENTIELS TELS QUE L'ÉDUCATION, QUI EST LA RESPONSABILITÉ PREMIÈRE DE L'ÉTAT DANS UN PAYS. CELA IMPLIQUE QUE CHAQUE INDIVIDU DEVRAIT ÊTRE EN MESURE DE VIVRE DIGNEMENT ET LIBREMENT SANS CRAINDRE POUR SA VIE OU CELLE DE SES PROCHES, DE BÉNÉFICIER D'UNE ALIMENTATION SUFFISANTE ET DE QUALITÉ, DE TROUVER UN EMPLOI QUI LUI PERMET DE RÉPONDRE À SES BESOINS AINSI QU'À CEUX DE SA FAMILLE, D'AVOIR ACCÈS À DES SOINS MÉDICAUX APPROPRIÉS SELON SES BESOINS SPÉCIFIQUES, ET ENFIN CHAQUE INDIVIDU DEVRAIT AVOIR ACCÈS À UN LOGEMENT DÉCENT, CHAQUE INDIVIDU DEVRAIT JOUIR DE LA LIBERTÉ DE SE DÉPLACER, EN PARTICULIER DANS SON PROPRE PAYS, TOUS LES ENFANTS DEVRAIENT POUVOIR BÉNÉFICIER D'UNE ÉDUCATION DE HAUT NIVEAU, ETC.**

Actuellement, ce n'est pas ce que nous constatons. Nous faisons face à un État inexistant, qui se révèle bien plus défaillant qu'intelligent, prônant l'inaction au lieu d'élaborer des stratégies efficaces pour assumer correctement ses obligations, dans le but de préserver la société et le pays menacé. L'État ne remplit pas correctement ses obligations sociétales notamment envers les jeunes, dont les enfants.

Il ne faut pas perdre de vue que :

- c'est uniquement l'État qui a le monopole de la force légitime : ce privilège est réservé à la police et à l'armée ;
- c'est lui, et uniquement lui, qui a le pouvoir d'établir et de prélever des impôts sur chaque citoyen et certaines de leurs activités ;
- lui seul à la capacité de créer des lois que tous doivent respecter et suivre ;
- lui seul qui a le droit de juger ceux qui violent la loi, et peut infliger des punitions aux auteurs, co-auteurs et complices d'infractions. Ainsi, nous sommes dans l'attente de jugement des accusés des crimes abominables commises dans le pays depuis un certain temps.

Qu'il s'agisse d'un ou d'une fonctionnaire, occupant un poste électif de droit ou de fait, ou qu'il/elle soit nommé-e au sein de l'administration publique, dès lors qu'il ou elle assume une responsabilité étatique, la population est en droit d'attendre intégrité, équité, respect des lois, politiques publiques de qualité, efficacité et comportement approprié dans l'exercice de ses fonctions. Celui ou celle qui occupe une fonction étatique, soit en vertu d'une élection populaire (malheureusement en ce moment aucune autorité ne répond pas à ce critère), soit en vertu du jeu politique qui l'a mis au pouvoir, soit qu'il travaille dans l'administration ou dans une fonction policière, **dès qu'il ou qu'elle accepte une charge étatique, la population a le droit d'attendre honnêteté, justice, le respect de la loi, de bonnes politiques publiques, efficacité et des attitudes correctes dans le travail.**

**Si la personne se trouve dans l'incapacité de répondre à ses responsabilités, il doit renoncer à ses fonctions et démissionner.**

**Ainsi, nous condamnons fermement :**

- **les autorités qui abusent de la force publique pour garantir leur propre sécurité, une pratique que l'on constate quotidiennement dans les rues, et qui exposent la population à l'insécurité omniprésente ;**
- **les autorités qui se remplissent les poches grâce à la corruption, au népotisme et au favoritisme. La corruption n'est-elle pas l'une des principales causes de l'insécurité en Haïti ? Surtout lorsqu'on utilise l'argent destiné aux démunis pour le donner à des amis et des alliés politiques, ou pour se procurer des armes et des munitions destinées à alimenter la violence en faisant la déstabilisation, ou encore pour obtenir une paix apparente auprès de groupes armés, ou du moins pour soutirer de l'argent aux gangs « aux cols blancs » en échange de faveurs quelconque ?**

**NOUS LANÇONS CET APPEL PASSIONNÉ POUR INCITER LES AUTORITÉS DU PAYS À ASSUMER LEURS RESPONSABILITÉS. IL EST CRUCIAL DE:**

- 1. SÉCURISER LA POPULATION QUE VOUS PRÉTENDEZ SERVIR;**
- 2. OUVRIR ET SÉCURISER LES ROUTES NATIONALES AFIN QUE LES CITOYENS PUISSENT MENER À BIEN LEURS ACTIVITÉS À TRAVERS LE PAYS SANS CRAINTE;**
- 3. FAIRE EN SORTE QUE TOUS CES DÉPLACÉS INTERNES PUISSENT REGAGNER LEURS DOMICILES, LEURS QUARTIERS;**

4. **PROMOUVOIR LES INTÉRÊTS NATIONAUX EN EMPLOYANT UNE DIPLOMATIE DYNAMIQUE ET PRODUCTIVE FACE À LA COMMUNAUTÉ INTERNATIONALE, NOTAMMENT LES ÉTATS-UNIS, LA FRANCE, LE CANADA ET LA RÉPUBLIQUE DOMINICAINE. L'OBJECTIF EST D'OBTENIR LE RESPECT DES AUTRES NATIONS, DE SORTIR NOTRE PAYS DE CETTE DÉPENDANCE MONDIALE, DE LA PAUVRETÉ ET DE CETTE PRÉTENDUE AIDE INTERNATIONALE QUI S'EST TRANSFORMÉE EN UN FOYER DE CORRUPTION EN HAÏTI;**
5. **ASSURER LA PROTECTION DES JEUNES, SURTOUT DES ENFANTS, EN LEUR OFFRANT UNE ÉDUCATION DE QUALITÉ, EN PROPOSANT POUR EUX DES ACTIVITÉS RÉCRÉATIVES ENRICHISSANTES, ET EN VEILLANT À CE QUE LE PAYS DISPOSE D'UN ENVIRONNEMENT PROPICE À L'INVESTISSEMENT AFIN DE CRÉER DAVANTAGE D'EMPLOIS. CELA PERMETTRA AUX PARENTS DE SUBVENIR ADÉQUATEMENT À LEURS BESOINS ET À CEUX DE LEUR FAMILLE.**
6. **LUTTER RÉELLEMENT CONTRE LA CORRUPTION, LA VIOLENCE ET LA CRIMINALITÉ, Y COMPRIS CELLES PROVENANT D'ACTEURS NATIONAUX ET INTERNATIONAUX QUI OPÈRENT SOUVENT DANS L'OBSCURITÉ ET ONT UN FORT INTÉRÊT POLITIQUE, ÉCONOMIQUE ET AUTRES À MAINTENIR LE PAYS DANS LE PÉTRIN ACTUEL.**

Nous, signataires de ce document, membres de la société civile, chacun en ce qui nous concerne, nous nous engageons à poursuivre notre mission citoyenne en formant un plus grand nombre de personnes afin de leur faire comprendre l'importance d'accomplir correctement leurs devoirs civiques, le sens de l'autorité étatique et de la bonne gouvernance, entre autres. Nous porterons une attention accrue à ce que les jeunes, en particulier les enfants, apprennent à mieux appréhender les messages diffusés par les médias traditionnels et utiliser les réseaux sociaux qui ont une influence considérable sur leur existence.

Nous saisissons également cette opportunité pour vous adresser nos salutations en Jésus-Christ. Nous souhaitons que notre appel résonne et qu'il suscite une volonté politique de prendre en charge votre responsabilité. Il incombe donc à l'État de prendre toutes les mesures nécessaires pour cela.

**Les signataires :**

Monsieur Edouard PAULTRE, Ensemble contre la Corruption (ECC).

Père Gary BASTIEN, "JOURNAL BON NOUVÈL"

Père Bavon MARI, KIRO

Monsieur Junior Darius Toussaint, "EMISION POU YON LÒT KALTE SOSYETE", JILAP ACHIPO.

Monsieur Alermy PIERVILUS, Plateformes des Organisations Haïtiennes des Droits Humains (POHDH)

Monsieur Carlo HYPPOLITE, "JÈN ETIDYAN KRETYEN" (JEC).

Monsieur Sonel JOSEPH, "KOZE JÈN YO".

Monsieur Jean Ulrick RATEAU, Cellule de Réflexion et d'Action Nationale (CRAN).

Pour authentification :



*[Signature]*  
 Mme. Jocelyne Colas,  
 directrice exécutive nationale de la Commission  
 Episcopale Nationale Justice et Paix (CE-JILAP)  
 et Père Jan Walter HANSENS de la CRAN.  
 Téléphone : 39123292.